

# Pitit ou Gen Laj 4 Zan



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 4yèm anivèsè nesans li. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

## Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

### Sosyal/Emosyonèl

- Timoun nan renmen nouvo bagay
- Li jwe “Manman” oswa “Papa”
- Li pi dinamik ofi-amezi avèk jwèt fè-kwè
- Li ta pito jwe avèk lòt timoun pase poukont li
- Li kolabore avèk lòt timoun
- Pa souvan di sa ki vrè ak sa ki fè moun kwè
- Li pale sou sa li renmen ak sa ki enterese li

### Langaj/Kominikasyon

- Timoun nan konnen kèk règ gramè debaz, tankou itilizasyon kòrèk “li” (maskilen) ak “li” (feminen)
- Li chante yon chanson oswa li resite yon powèm nan memwa li tankou “Itsy Bitsy Spider” oswa “Wheels on the Bus”
- Li rakonte istwa
- Li kapab di prenon ak non fanmi li

### Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Timoun nan site kèk koulè ak kèk chif
- Li konprann lide kontaj
- Li kòmanse konprann lè
- Li sonje pati ki nan yon istwa
- Li konprann lide “menm” ak “diferan”
- Li fè pòtre moun ki gen 2 a 4 pati nan kò
- Li itilize sizo
- Li kòmanse kopye kèk lèt majiskil
- Li jwe jwèt damye oswa jwèt kat
- Li di ou sa li panse ki pral rive answit nan yon liv

### Mouvman/Devlopman Fizik

- Timoun nan sote ak kanpe sou yon pye pandan apeprè 2 segonn
- Li atrap yon balon ki rebondi pi souvan
- Li vide, koupe avèk sipèvizyon, epi li kraze manje pa li

## Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- Pa kapab sote anplas
- Gen pwoblèm pou grifonnen
- Pa montre enterè nan jwèt konvèsasyonèl oswa nan jwèt fè-tankou
- Meprize lòt timoun oswa pa reponn moun ki pa nan fanmi an
- Fè rezistans pou li abiye, pou li dòmi ak pou li itilize twalèt
- Pa kapab rakonte yon istwa li pi renmen
- Pa swiv kòmman ki gen 3 pati
- Pa konprann “menm” ak “diferan”
- Pa itilize “mwen” ak “ou” kòrèkteman
- Pale yon fason ki pa klè
- Pèdi ladrès li te genyen lontan

**Si ou remake nenpòt nan siy posib reta devlopman sa yo, fè doktè oswa enfimyè pitit ou konnen sa, epi pale avèk yon moun nan lekòl leta lokal ou ki abitye avèk sèvis pou jèn timoun yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [nyc.gov](http://nyc.gov) epi chèche “Child Development.”**

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [www.cdc.gov/ActEarly](http://www.cdc.gov/ActEarly).